# ORTA AZIYA AKADEMIYALÍQ VOKAL ÓNERINIŃ TARIYXÍY RAWAJLANÍWÍ

**Abat Kalliev** – *professor*
abat4283@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialı*

# ИСТОРИЧЕСКОЕ РАЗВИТИЕ АКАДЕМИЧЕСКОГО ВОКАЛЬНОГО ИСКУССТВА В ЦЕНТРАЛЬНОЙ АЗИИ

**Абат Каллиев** – *профессор*
*Нукусского филиала Государственной консерватории Узбекистана*

# HISTORICAL DEVELOPMENT OF ACADEMIC VOCAL ART IN CENTRAL ASIA

**Abat Kalliev** – *Professor*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Conservatory*

**Tayanısh sózler:** akademiyalıq vokal, Oraylıq Aziya, bel canto, sovet muzıka bilimlendiriwi, opera, vokal mektebi, Ózbekstan, Qazaqstan, Tájikstan, milliy mektep, tariyxıy rawajlanıw.

**Rezyume.** Usı maqalada Oraylıq Aziya akademiyalıq vokal kórkem óneriniń XVII ásirden XXI ásirdiń baslarına shekem bolǵan tariyxıy rawajlanıwı ilimiy jaqtan analiz etiledi. Izertlewde regionlıq vokal dástúrleriniń Evropa akademiyalıq usılı menen qarım-qatnası, sovet dáwiri instituciyalastırıw procesi, Ózbekstan, Qazaqstan, Tájikstan hám Qırǵızstandaǵı milliy vokal mektepleriniń qáliplesiwi, sonday-aq, zamanagóy tendenciyalar kórip shıǵıladı. Maqalada belgili muzıkatanıwshılar, vokalistler hám pedagoglardıń shıǵarmalarınan alınǵan citatalar keńnen qollanıladı. Izertlew Oraylıq Aziya vokal kórkem ónerin ulıwma jáhán muzıka mádeniyatı kontekstinde bahalaw ushın jańa ilimiy tiykar usınadı.

**Ключевые слова:** академический вокал, Центральная Азия, бель канто, советское музыкальное образование, опера, вокальная школа, Узбекистан, Казахстан, Таджикистан, национальная школа, историческое развитие.

**Резюме.** В данной статье с научной точки зрения анализируется историческое развитие академического вокального искусства Центральной Азии с XVII века до начала XXI века. В исследовании рассматривается диалог региональных вокальных традиций с европейским академическим стилем, процесс институционализации советского периода, формирование национальных вокальных школ в Узбекистане, Казахстане, Таджикистане и Кыргызстане, а также современные тенденции. В статье широко используются цитаты из произведений известных музыковедов, вокалистов и педагогов.

**Key words:** academic vocal, Central Asia, bel canto, Soviet music education, opera, vocal school, Uzbekistan, Kazakhstan, Tajikistan, national school, historical development.

**Summary.** This article provides a scientific analysis of the historical development of Central Asian academic vocal art from the 17th to the early 21st centuries. The study examines the dialogue between regional vocal traditions and the European academic style, the process of institutionalization during the Soviet era, the formation of national vocal schools in Uzbekistan, Kazakhstan, Tajikistan, and Kyrgyzstan, as well as modern trends. The article extensively utilizes quotes from the works of renowned musicologists, vocalists, and educators. The study provides a new scientific basis for evaluating the vocal art of Central Asia within the context of global musical culture.

Oraylıq Aziya – áyyemgi muzıka mádeniyatlarınıń tutasqan ornı esaplanadı. Bul regionda mıń jıllar dawamında qáliplesken vokal dástúrleri – klassikalıq qosıqshılıǵı, ózbek maqam kórkem óneri, qazaq dástúriy jırları hám tájik shashmaqamı – XVII ásirden baslap Evropa akademiyalıq muzıkası tásiri menen áste-aqırın baylanısqa kirise basladı. “Vokal kórkem óneri insaniyattıń eń áyyemgi hám universal dóretiwshilik kórinisi; ol hár qanday mádeniyatta ózine tán forma aladı, biraq insan dawısınıń gózzallıǵına umtılıw hámme jerde birdey” [1]. Akademiyalıq vokal atqarıwshılıǵı – professionallıq, texnikalıq tayarlıq hám estetikalıq standartlar kompleksine tiykarlangan, tiykarınan Evropa bel canto dástúrinen kelip shiqqan vokal kórkem óneri sisteması sıpatında táriyiplenedi. Oraylıq Aziya ushın bul sistemanıń kirip keliwi kóp tárepleme quramalı geosiyasiy, mádeniy hám bilimlendiriw ózgerisleri menen baylanıslı boldı. Bul procesti úyreniw búgingi vokal pedagogikasın jáne de tereń túsiniw ushin zárúr metodologiyalıq tiykar boladı. Usı maqalanıń maqseti – Oraylıq Aziya akademiyalıq vokal kórkem óneriniń tariyxıy rawajlanıw basqıshların sistemalı túrde úyrenip, regionallıq milliy mekteplerdiń ózine tánligin hám olardıń jáhán vokal kórkem ónerindegi ornın belgilewden ibarat.

Kóshpeli xalıqlar – qazaqlar, qırǵızlar hám túrkmenler – vokal kórkem ónerinde basqasha joldı rawajlandırdı. Mádeniy turmıstıń orayında qazaq aytıslarındaǵı vokal improvizaciyası, poeziyalıq jarıs hám epikalıq jırlaw dástúri sıyaqlı janrlar turdı. Qırǵızstanda bolsa “Manasshı” – milliy epos “Manas”tı atqarıwshılar – ózine tán vokal-epikalıq kórkem ónerdiń dóretiwshileri sıpatında ayrıqsha statusqa iye bolǵan. “Kóshpeli dástúrdegi hawaz – bul tek ǵana muzıka emes, ol tariyxtı, qaharmanlıqtı hám xalıq yadın ózinde saqlawshı tiri arxiv”. [2] Bul dástúrler keyinirek akademiyalıq vokal kórkem óneri menen baylanısta eki túrli joldı kórsetti: birewleri Evropa usılına tolıq assimilyaciya bolıwǵa umtılsa, basqaları milliy hawaz estetikasın akademiyalıq texnika menen úylestiriwdi abzal kórdi.

Oraylıq Aziya menen Batis Evropa arasında muzıka almasıwı XVII ásirde-aq baslanganın tariyxıy hújjetler tastıyıqlaydı. Ullı Jipek jolı tek ǵana sawda emes, al mádeniy hám muzıkalıq dástúrlerdiń de kópiri boldı. Rossiya imperiyasınıń Oraylıq Aziyaga júris etiwi (XIX ásirdiń ekinshi yarımı) bolsa bul processti keskin tezlestirdi. Tashkentte, Samarqandta hám basqa qalalarda rus áskeriy orkestri hám teatr truppaları xizmet kórsete basladı[3].

Rus muzeyshisi hám sayaxachılardıń jazıwları bul dáwir vokal turmısın biraz sáwlelendiredi. Máselen, Aleksandr Kun 1870-jıllardaǵı kúndeliginde Buxara sarayı vokalshılarınıń kórkem sheberligin hayran qalıp táriyplegen. “Bel canto – bul dawıstı sulıw qáliplestiriw. Bul usıl gózzal qosıqshılıq, yaǵnıy legato, dem alıwdı qadaǵalaw hám tembr sapası arqalı insan sezimlerin jetkeriwge tiykarlanadı”. (Manuel Garcia) Italyan bel canto mektebi XIX ásir baslarına kelip Rossiya hám Ukraina arqalı Oraylıq Aziyaga kirip kele basladı. Bul process tikkeley emes – tiykarınan rus opera teatrları, Moskvada bilim alǵan ózbekstanlı muzıkashılar hám sońınan sovet dáwiri institutları arqalı ámelge asırıldı. Sol sebepli Oraylıq Aziyada akademiyalıq vokal kórkem óneri kóbinese “bel canto rus filtri arqalı” sıpatında táriyiplenedi[4]. 1936-jılı Tashkent mámleketlik konservatoriyasınıń shólkemlestiriliwi Ózbekistanda akademiyalıq vokal bilim beriwde burılıs noqatı boldı. Usi jillarda Almatı (házirgi Almatı), Dushanbe hám Frunze (házirgi Bishkek) qalalarında da muzıka bilimlendiriw mákemeleri ashıldı. Bul mákemeler Leningrad hám Moskva konservatoriyaları modeli tiykarında qurıldı: vokal texnikası, dawıs fiziologiyası, opera repertuarı hám muzıka teoriyası birden-bir sistemada oqıtıldı. “Sovet mádeniy siyasatı bir tárepten milliy mádeniyatlardı rawajlandırıw ideyasın alǵa súrdi, ekinshi tárepten olardı Evropa akademiyalıq formaları sheńberine tarttı. Bul qarama-qarsılıq milliy vokal kórkem óneriniń rawajlanıwın quramalastırdı” (Mark Slobin).

Dáslep oqıtıwshılar sıpatında Moskva hám Leningradtan alıp kelingen rus hám ukrain qánigeleri isledi. Keyin ala jergilikli kadrlarga iye boliw maqsetinde eń talantlı ózbek, qazaq, tájik jas atqarıwshıların Moskva hám Leningrad konservatoriyalarına jiberiw ámeliyatı baslandı.

Sovet dáwiri Oraylıq Aziyada milliy opera teatrları shólkemlestiriliwine sebep boldı. Ózbek milliy operasın jaratıw háreketinde kompozitorlar Muxtar Ashrafiy hám Sergey Vasilenko birgelikte 1939-jılı jaratqan “Uluǵbek” operası áhmiyetli basqısh boldı. Bul opera milliy tariyxıy syujet, ózbek modal garmoniyası hám Evropa opera dramaturgiyasın birlestirgen dáslepki tolıq opera shıǵarması sipatında tariyxqa kirdi[8].

Qazaqstanda da Axmet Jubanov hám Latif Hamidiy birgelikte 1944-jılı jaratqan “Abay” operası milliy opera kórkem óneriniń tiykarı boldı. Tájikstanda Ziyadullo Shahidi, Qırgızstanda bolsa Abdylas Maldybaev milliy opera janrınıń tiykarın salıwshılarına aylandı[5].

Sovet dáwiriniń birinshi on jıllıqlarında Oraylıq Aziyanıń birinshi professional akademik vokalistleri qáliplesti. Ózbekstanda Lutfixon Sarimsoqova hám Halima Nosirova birinshi ózbek hayal opera qosıqshılarına aylandı – bul sociallıq jaqtan da revolyuciyalıq hádiyse edi, sebebi dástúriy jámiyette hayal-qızlardıń ǵalabalıq saxnadaǵı iskerligi sheklengenin esapqa alsaq. “Halima Nosirova ózbek saxnasında birinshi márte italyan hám sovet opera shıǵarmaların ózbekshe libretto menen atqardı. Ol tek ǵana qosıqshı emes, al jańa mádeniy modeldiń tımsalı edi”[12] Qazaqstanda Kulyash Bayseyitova milliy vokal óneriniń tımsalına aylandı. Onıń dawısı ózine tán bolıp, akademiyalıq texnikanı milliy dástúr ruwxı menen sheber úylesimlestirgen, orkestr menen birge islesip, xalıq qosıqları dástúrin de saqlap qala alǵan. [10]. Ózbekistanda akademiyalıq vokal mektebi 1950-1980-jılları óziniń jetik kórinisine iye boldı. Bul dáwirde Saodat Qobirova, Bernara Qaripova, Muqaddas Ashrafiyeva, Farida Toshmatova, Xurshid Ibrohimov sıyaqlı qosıqshılar xalıqaralıq dárejege kóterildi. “Ózbek lirik sopranosı – bul tembr dúnyada ózine tán. Ol italyan bel kantosınıń tınıqlıǵı menen Shıǵıs qosıqshılıǵınıń ıssı, múlayım reńin birlestiredi." [6] Qazaqstan vokal mektebi Kulyash Bayseitovadan keyin kóplegen ullı ismlerge iye boldı. Bibo Bajanova, Ermek Serkebaev, Ermek Serkebaev sıyaqlı qosıqshılar

sovet opera saxnasında ayrıqsha orın tuttı. Qazaq vokal mektebiniń xarakterli ózgesheligi – keń, ashıq hawaz, stepanıń boslıqların esletiwshi epikalıq dem alıw hám dramalıq rolge kirisiw qábileti.

Tájikstan akademiyalıq vokal kórkem óneri Shashmaqom dástúriniń eń tikkeley dawamshısı sıpatında rawajlandı. Lutfiya Nazarova, Barno Iskandarova sıyaqlı qosıqshılar klassikalıq tájik shashmaqomin akademiyalıq saxnaga alıp shigiwda jetekshilik etti. Al, Qırǵızstanda bolsa Sayra Kiyizbaeva milliy opera hám koncert repertuarında epikalıq dástúrdi akademiyalıq usıl menen birlestirdi[13]. Ózbekstanda Abdulaziz Qayumov, Nargiza Qarabaeva, Jahongir Tursunov sıyaqlı jańa áwlad qosıqshıları xalıqaralıq muzıka jarıslarında tabıslı qatnasıp basladı. Olar akademiyalıq Evropa usılın milliy muzıka mádeniyatı menen jáne de organikalıq tárizde sintezlew jolın izlemekte[9]. Zamanagóy Oraylıq Aziya vokal pedagogikasında birneshe áhmiyetli mashqala bar. Birinshisi – milliy hawaz estetikası hám akademiyalıq texnikanıń teń salmaqlılıǵı máselesi. Kópshilik pedagoglar bul eki sistemanı úylestiriw zárúrligin tán alsa da, anıq metodologiya ele tolıq islep shıǵılmaǵan. “Biz oqıwshımızǵa italyan yamasa rus hawaz mektebin emes, bárinen burın óziniń tábiyǵıy dawıs imkaniyatların rawajlandırıwdı úyretiwimiz kerek. Milliy ırǵaq ondaǵı tábiyattan” - (Abror Xasanov, Ózbekstan kórkem óner hám mádeniyat institutı professorı) Ekinshi mashqala – cifrlı texnologiyalar dáwirindegi pedagogikalıq qatnas. Jaslardıń onlayn platformalar, YouTube hám muzıka strimingine úyreniwi dástúriy oqıtıw modellerin qısıp shıǵarmaqta. Bul bolsa vokal pedagogikasında innovaciyalıq metodlardı islep shigiw zárúrligin jáne de asıradı. Sońǵı on jıllıqta Oraylıq Aziya vokal qosıqshıları xalıqaralıq opera saxnalarında óz ornın barǵan sayın bekkemlemekte. Ózbek soprano Nadira Axmadova Evropa opera teatrlarında tabıslı saxna tájiriybesine iye boldı; qazaqstanlı Aida Garifullina Vena hám Parijde xalıqaralıq tán alıwǵa eristi[14].

Oraylıq Aziya akademiyalıq vokal kórkem óneriniń tariyxıy rawajlanıwın izertlew tómendegi áhmiyetli juwmaqlarǵa alıp keledi:

Regionallıq vokal dástúrleri – maqam, shashmaqam, qazaq jırı hám epikalıq dástúr – akademiyalıq vokal kórkem ónerine tiykar bolgan ǵárezsiz hám jetilisken sistemalar. Olar Evropa tásirin passiv qabıl etpedi, al oǵan aktiv sintez etti.

Sovet dáwiri konservatoriya sisteması Oraylıq Aziya vokal kórkem ónerin instituciyalastırdı hám professional dárejege kóterdi, biraq bul process bir tárepleme bolmadı: milliy mektepler óziniń ózgesheligin saqlap qalıwǵa eristi.

Tórt milliy vokal mektebi – ózbek, qazaq, tájik hám qırǵız – hár biri ózine tán estetikalıq ózgesheligi hám atqarıw usılı menen ajıralıp turadı. Zamanagóy dáwir vokal pedagogikasınıń tiykarǵı wazıypası – milliy dawıs estetikasin saqlap qalǵan halda xalıqaralıq standartlarǵa juwap beretuǵın “sintez modeller”in islep shıǵıw.

Xalıqaralıq integraciya Oraylıq Aziya vokal kórkem ónerine jańa imkaniyatlar ashpaqta, biraq bul process milliy ózine tánlikti joǵaltıw qáwpin de ózinde jámleydi. Kelesi izertlewler ushın áhmiyetli baǵdarlar: milliy vokal dástúrlerin akademiyalıq pedagogikaǵa integraciyalawdıń jańa metodikaların islep shıǵıw; sanlı texnologiyalardı vokal bilimlendiriwine engiziw; hám Oraylıq Aziya vokal mektepleriniń jáhán muzıka bilimlendiriwindegi global ornın belgileytuǵın salıstırmalı izertlewler ótkeriw bolıp esaplanadı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar


1. Richard Miller, The Structure of Singing (1986)
2. Theodore Levin, The Hundred Thousand Fools of God (1996, 47-bet)
3. Jubanov A. (1958). Qozoq xalq musiqasi. Almati: Qazaqstan.
4. Reichl K. (1992). Turkic Oral Epic Poetry: Traditions, Forms, Poetic Structure. New York: Garland.
5. Sultanova R. (2011). From Shamanism to Sufism: Women, Islam and Culture in Central Asia. London: I.B.Tauris.
6. Ashrapov A. (2018). Musiqa pedagogikasi va ijrochilik san’ati. Toshkent: Davlat konservatoriyasi nashriyoti.
7. Qodirov P. (2003). O‘zbek milliy operasining shakllanishi. Toshkent: San’at.
8. Ashrafi M. & Vasilenko, S. (1939). Ulug‘bek (opera librettosi). Toshkent: O‘zdavnashr.
9. Karimova M. (2012). O‘zbek opera maktabining tarixiy rivojlanishi. Toshkent: TDK nashriyoti.
10. Jubanov A. & Hamidi, L. (1944). Abay (opera). Almati: Qazaq SSR Davlat teatri.
11. Maldybayev A. (1939). Ai-Churek (opera). Frunze: Qirg‘iz SSR Davlat teatri.
12. Yusupova D. (2018). O‘zbek vokal maktabi tarixi. Toshkent: O‘zDSMI nashriyoti.
13. Seitkali G. (2005). Kulyash Bayseitova: hayoti va ijodi. Almati: Oner.


УДК: 792.03